QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ SHOMANAY RAYONÍ HÁKIMININ̓ SH E SH I M I

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI SHUMANAY TUMANI HOKIMINING Q A R O R I

2021 - yil 2 - dekabr 159-13-193-Q/21 Shomanay rayonı hákimligi

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 27-sentyabrdegi «Qaraqalpaqstan Respublikasında 2021-2023-jıllarda shańaraq shıpakerlik punktleri hám shańaraq poliklinikaların shólkemlestiriw haqqında»ǵı 96-13-0-Q-21-sanlı qararı tuwralı**

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 27-sentyabrdegi 96-13-0-Q-21-sanlı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde

**ShEShIM ETEMEN:**

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 27-sentyabrdegi «Qaraqalpaqstan Respublikasında 2021-2023-jıllarda shańaraq shıpakerlik punktleri hám shańaraq poliklinikaların shólkemlestiriw haqqında»ǵı 96-13-0-Q-21-sanlı qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı menen:

Tómendegiler:

2021-jılda Qaraózek rayonında "Qoybaq", Ámiwdárьya rayonında "Qizilcholi", Kegeyli rayonında "Quwanısh jarma", Bozataw rayonında "Aqeden", Beruniy rayonında "Jumaniyozov", Shımbay rayonında "Qamısarıq", Tórtkúl rayonında "Paxtaobod", Qońırat rayonında "Ráwshan" shańaraq shıpakerlik punktleri, Ámiwdárьya rayonında "2-qishloq" hám "Xolimbeg" shańaraq poliklinikaları;

2022-jılda Ámiwdárьya rayonında "Twlqin", Qanlıkól rayonında "Qulamet jıraw", Qaraózek rayonında "Esimózek", Kegeyli rayonında "Bozjap", Qońırat rayonında "Kóklikól", Tórtkúl rayonında "Nawrız", Shomanay rayonında "Shomanay", Nókis rayonında "Kerder", Ellikqala rayonında "Dumanqalъa", Bozataw rayonında "Kókshiel" shańaraq shıpakerlik punktleri, Nókis qalasında
10-sanlı shańaraq poliklinikası;

2023-jılı Beruniy rayonında "Biybazar", Qanlıkól rayonında "Beskópir", Qońırat rayonında "Ájiniyaz", Taxtakópir rayonında "Qońıratkól", Xojeli rayonında "Xatep", Shomanay rayonında "Kókkózov", Shımbay rayonında "P.Seytov", Nókis rayonında "Nókis", Moynaq rayonında "Qızıljar", Ellikqala rayonında "Ashirtom" shańaraq shıpakerlik punktlerin shólkemlestiriw tapsırılǵanlıǵı;

Qaraqalpaqstan Respublikası Densawlıqtı saqlaw ministrligi: Nókis qalası hám rayonlar hákimlikleri menen birgelikte jańadan shólkemlestirilgen shańaraq shıpakerlik punktleri hám shańaraq poliklinikaların zárúr bolǵan medicinalıq ásbap úskeneler hám inventarlar menen támiyinlew belgilengenligi;

Qaraqalpaqstan Respublikası Bántlik hám miynet qatnasıqları ministrligi menen birgelikte jańadan shólkemlestirilgen shańaraq poliklinikaların tájiriybeli xızmetkerler menen támiyinlew ilajların kóriw tapsırılǵanlıǵı;

Qaraqalpaqstan Respublikası Finans ministrligi Densawlıqtı saqlaw ministrligi menen birgelikte belgilengen tártipte 2021-jıl ushın byudjet parametrlerine tiyisli ózgerisler kiritiliwin hámde emlew mákemeleriniń qárejetler smetasın hám shtatlar kestesin qayta tastıyıqlap, dizimnen ótkeriliwin támiyinlew tapsırılǵanlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

3. 2022-jılda Shomanay rayonında "Shomanay" shańaraq poliklinikası, 2023-jılı Shomanay rayonında "Kókkózov" shańaraq shıpakerlik punktin shólkemlestiriw belgilensin.

4. Rayon hákimi orınbasarları (Kaljanov, Qaypnazarov), rayonlıq medicina birlespesi (Adakaev)ne;

birgelikte jańadan shólkemlestirilgen shańaraq shıpakerlik punkti hám shańaraq polikliniksın zárúr bolǵan

medicinalıq ásbap-úskeneler hám inventarlar menen támiyinlew tapsırılsın.

5. Rayonlıq xalıqtıń bántligine kómeklesiw orayı (Karimov), rayonlıq medicina birlespesi (Adakaev) menen birgelikte jańadan shólkemlestirilgen shańaraq poliklinikaların tájiriybeli xızmetkerler menen támiyinlew ilajların kórsin.

6. Rayonlıq qarjı bólimi (Jarılqaǵanov), rayonlıq medicina birlespesi (Adakaev) menen birgelikte belgilengen tártipte 2021-jıl ushın byudjet parametrlerine tiyisli ózgerisler kiritiliwin hámde emlew mákemeleriniń qárejetler smetasın hám shtatlar kestesin qayta tastıyıqlap, dizimnen ótkeriliwin támiyinlew tapsırılsın.

7. Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw rayon hákiminiń orınbasarı A.Qaypnazarovqa júkletilsin.

**Hákim** **B.Yangibaev**